# Erkin gúres boyınsha Ózbekstan chempionatında jerleslerimiz jaqsı nátiyjelerge eristi

Chirchiq qalasındagʻı Ózbekstan mámleketlik dene tárbiyası hám sport universiteti sport manejinde kadetler arasında erkin gúres boyınsha Ózbekstan chempionatı bolıp ótti.

Uzaq dawam etken karantinnen soń birinshi márte ótkerilgen jarıs 2004-2005-jıllarda tuwılgʻan jas óspirimler arasında bolıp ótip, qızgʻın bellesiwler nátiyjelerine muwapıq jeńimpazlar hám sıylı orın iyeleri anıqlandı.

Image not found or type unknown

Ózbekstan birinshiliginde jas palwanlar 10 salmaq kategoriyası boyınsha chempionlıq ushın óz ara bellesti.

Chempionatta Qaraqalpaqstan Respublikası atınan qatnasqan jas óspirimler jaqsı nátiyjelerdi qolgʻa kirgizdi.

Jerleslerimizden 55 kg salmaq kategoriyasında J.Ismayылov, 65 kg salmaqta S.Jumabayev hám 110 kg salmaqta H.Qurbanov 3-orındı iyelep, bronza medalların jeńip algʻan bolsa, 110 kg salmaq kategoriyasında final bellesiwine shekem barlıq qarsılaslarınan ústin kelgen L.Mádiyarov 2-orındı alıp, gúmis medal menen sıylıqlandı.

Qaraqalpaqstanlı sportshılardan eń joqarı nátiyje 92 kg salmaq kategoriyasında qolgʻa kirgizildi. Jerlesimiz Aynazar Bazarbayev usı salmaqta barlıq qarsılasların jeńip, 1-orındı iyeledi hám Ózbekstan chempionı boldı.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi